



Plan Premier Dental TWU Local 100

EmblemHealth se yon prezans ki fyab nan kominote nou yo depi plis pase 80 lane. Nou pran angajman pou konstwi yon avni ansante pou pwochen jenerasyon yo.

Avèk anplwaye ki totalman sendikd, EmblemHealth konprann bezwen ou yo, epi nou kontan ofri w Plan Premier Dental TWU Local 100 an. — yon plan ki fèt pou ou menm ak fanmi w. Plan an gen ladan l plizyè milye dantis ak espesyalis nan Nouyòk, Noujèze, ak nan tout peyi a, ki vle di ou pa oblije chwazi yon dantis swen jeneral byen presi. Ou ka chwazi dantis ki bon pou ou a.

Ale sou emblemhealth.com/twulocal100 pou aprann plis sou fason pou tire avantaj omaksimòm nan avantaj ou yo!

Pwen esansyèl plan an:

- Plis pase 415,000* founisè nan tout peyi a, ansanm ak teritwa Etazini yo.
- 13,553* founisè nan Nouyòk ak Noujèze.
- Rezo elaji pou swen dantè timoun avèk 694* dantis pedyatrik nan rejyon downstate Nouyòk pou asire timoun ou yo resevwa pi bon swen ki posib.
- Manm ak depandan yo resevwa pwòp kat ID yo.
- Kouvèti a 100% nan montan otorize a pou sèvis prevantif, debaz, majè ak òtodontik.
- Okenn referans pa nesèsè.
- Pa gen faktirasyon balans pou sèvis nan rezo a, ki vle di yon dantis pa ka fè w peye plis pou yon sèvis ki garanti pase sa plan ou a garanti.
- Ogmantasyon maksimòm òtodontik pou tout dire lavi w: Garanti okonplè pou chak moun, pou tout dire lavi pou **sèvis nan rezo a**; oswa \$2,000 maksimòm pou tout dire lavi pou sèvis andeyò rezo a.
- Maksimòm anyèl la te ogmante vin \$2,000 yon moun/\$4,000 fanmi pou chak ane sivil.
- Yon enplan chirijikal chak ane pou chak manm, ansanm ak depandan ki kalifye yo.
- Yon tretman fliyò chak ane pou chak manm, ansanm ak depandan ki kalifye yo.
- Plan Apèl bò kabann (ijans sèlman) peye 100% montan otorize a.
- Grèf zo.
- Fo dan — pyès tanporè (flipper) garanti anvan ensèsyon ranplasman dan pèmanan.

Ou bezwen plis enfòmasyon?

Yon fwa ou resevwa kat ID ou, ou ka mete sante w nan plamen w avèk Pòtay pou Manm **myEmblemHealth**, nou an. Si w pa gen yon kont, dirije w nan my.emblemhealth.com epi klike sou “Register” (enskri) nan anba ekran an. Apre ou fin kreye kont ou a, ou ka konekte touswit pou gade enfòmasyon sou plan ak avantaj, jwenn dantis patisipan yo, epi telechaje yon kat ID vityèl.

*Nan Dat Septanm 2024.

N ap fè w konnen avantaj andeyò rezo yo pral ranbouse dapre lis frè Spectrum lan.

Garanti bò kote EmblemHealth Plan, Inc., al gade nan fòmilè kontra asirans EHPI-PLD-1103 a, ak lòt.

EmblemHealth Plan, Inc., EmblemHealth Insurance Company, EmblemHealth Services Company, LLC, ak Health Insurance Plan of Greater New York (HIP) se konpayi EmblemHealth yo ye.

EmblemHealth Services Company, LLC ofri sèvis administratif pou konpayi EmblemHealth yo.